# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI XALQINIŃ ÓSIW DINAMIKASI HÁM DEMOGRAFIYALIQ ÓZGESHELIKLERI

**Turdımambetov I.R.,**
**Oteuliev M.O.**
*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*
*Qaraqalpaqstan Respublikası, Ózbekstan*

***Аннотация:*** *В статье анализируется динамика роста населения Каракалпакстана, а также приводятся сведения о его демографических характеристиках.*
***Ключевые слова:*** *население, рождаемость, миграция, темпы роста, национальная структура.*

***Abstract:*** *The article analyzes the growth dynamics of the population of Karakalpakstan and also provides information on its demographic characteristics.*
***Key words:*** *population, birth, migration, growth rate, national structure.*

Bazar qatnasıqları sharayatında jańasha sociallıq-ekonomikalıq ortalıqtıń qáliplesiwi, xalıq sanı hám aymaqlıq quramı menen baylanıslı tereń teoriyalıq hám ámeliy izertlewler júrgiziwdi talap etedi.

Xalıq sanı ósiwi hám jaylasıwınıń teoriyalıq-ámeliy máselelerine arnalǵan jumıslar xalıq geografiyası páninen bir qansha isler alıp barıldı. Buǵan baylanıslı R.Mahamadaliyev (1993), M.Qodirov (1994), M.Nazarov (1996 ), Sh.Jumaxonov (1998), Z.Tojieva (1998), M.Mamajonov (2004), O.Muhamedov (1999; 2007), M.Egamberdieva (2008) hám basqalardı atap ótiw múmkin. Bul jóneliste burınǵı Awqam dáwirindede qatar ekonomikalıq geograf hám demograf ilimpazlardıń úlesleri úlken boldı. Atap aytqanda, V.V.Pokshishevskiy, S.A.Kovalev, B.S.Xorev, B.C.Urlanis, V.Sh.Djaoshvili, A.G.Vishnevskiy, V.G.Davidovich, S.A.Kovalev sıyaqlı ilimpazlar tárepinen xalıq jaylasıwınıń teoriyalıq-ámeliy tiykarların jaratılǵan [1, 5, 6, 7].

Ótken ásirdiń 70-jıllarında prof. M.Q.Qoraxonovdıń tikkeley basshılıǵında Orta Aziya hám Ózbekstan xalqı máseleleri hár tárepleme úyrenilgen. Bul dáwirde E.A.Ahmedov, I.R.Mullajonov, G.R.Asanovlar, keyin O.B.Ota-Mirzaev, A.S.Soliev, A.Qayumov, M.Bórieva, L.P.Maksakova, Z.N.Tojieva hám basqa ilimpazlardıń izertlewlerinde xalıq geografiyası menen baylanıslı regionlıq máseleler izertlew etilgen [2, 3].

Tómengi Ámiwdárya regionı xalq máseleleri menen E.Umarov, Z.Abdalova, A.Qurboniyozov, A.Sadullaev, T.Tajimov, G.Xodjaeva, G.Utepova hám basqalar shuǵıllanınǵan. Mısalı, Z.Abdalova “Tómengi Ámiwdárya rayonı qala hám qalashalar rawajlanıwınıń sociollıq-ekonomikalıq sharayatları” (1995), G.Xodjaeva “Qaraqalpaqstan Respublikası demografiyalıq jaǵdayınıń qásiyetlerine” arnalǵan (1998) kandidatlik dissertatsiyaların qorǵaǵan [4, 8].

Sol kózqarastan milliy ekonomikanıń turaqlı rawajlanıwın támiyinlew, onı diversifikatsiya hám modernizaciyalaw, xalıqtıń sociallıq turmıs sharayatın jaqsılaw hám jumıs menen bántlik dárejesin asırıwǵa úlken itibar qaratılıp atır. Bunday máselelerdi izbe-iz sheshiwde respublikamizdıń barlıq regionlarında xalıqtıń aymaqlıq dúziliwin jetilistiriw, social infrastrukturasın jánede rawajlandırıw zárúrli áhmiyetke iye.

Qaraqalpaqstan Respublikasınıń turaqlı xalqı sanı, 2024-jıl 1-yanvar jaǵdayına qaraǵanda, 2002,7 mıń adamdı quraǵan bolıp, aldıńǵı jılǵa salıstırǵanda 26,5 mıń adamǵa (1,3 % ke) kóbeygen. 01.01.1991-jıl jaǵdayına qaraǵanda, Qaraqalpaqstan xalqı 1256,1 mıń adam bolǵan. Sonday eken, region xalqı ótken 33 jıl dawamında 746,6 mıń adamǵa, yaǵnıy jılına orta esapta 22,6 mıń adamǵa kóbeygen. Jámi xalıqtan 978,2 mıń adam (48,8 %) qalada, 1024,5 mıń adam (51,2 %) bolsa awıllarda jasaydı.

Respublikada xalıq tıǵızlıǵı 1 km² ge 12 adam. Bul kórsetkish Nókis qalası átirapında hámde intensiv diyqanshılıq rawajlanǵan aymaqlarda júdá joqarı (1-keste).

*1-keste*

**Qaraqalpaqstan Respublikası rayonlarınıń xalqı (jıl basına)**

| № | Rayonlar | Xalıq sanı, mıń adam | | | Xalıq tıǵızlıǵı, adam/km$^2$ |
|---|---|---|---|---|---|
| | | 2000-j. | 2023-j. | Ósim, % | |
| 1 | Ámiwdárya | 141,8 | 208,6 | 147,1 | 204,5 |
| 2 | Beruniy | 144,1 | 201,2 | 139,6 | 50,9 |
| 3 | Bozataw | 19,6 | 21,9 | 111,7 | 10,7 |
| 4 | Kegeyli | 58,7 | 74,2 | 126,4 | 80,6 |
| 5 | Moynaq | 29,1 | 33,4 | 114,8 | 0,9 |
| 6 | Nókis | 43,2 | 52,9 | 122,4 | 56,3 |
| 7 | Taqıyatas | 51,6 | 76,3 | 147,9 | 423,9 |
| 8 | Taxtakópir | 44,3 | 39,0 | 88,0 | 1,8 |
| 9 | Tórtkúl | 155,0 | 224,7 | 145,0 | 3,3 |
| 10 | Xojeli | 145,8 | 127,4 | 87,4 | 231,6 |
| 11 | Shımbay | 91,1 | 115,0 | 126,2 | 80,0 |
| 12 | Shomanay | 41,7 | 57,6 | 138,1 | 73,8 |
| 13 | Ellikqala | 113,8 | 167,7 | 147,4 | 31,0 |
| 14 | Qanlıkól | 39,4 | 53,1 | 134,8 | 71,7 |
| 15 | Qaraózek | 43,8 | 54,1 | 123,5 | 9,2 |
| 16 | Qońırat | 110,2 | 134,6 | 122,1 | 1,8 |

Keste Qaraqalpaqstan Respublikası Statistika basqarmasınıń rásmiy web-saytı maǵlıwmatları tiykarında dúzilgen.

Qaraqalpaqstannıń arqa rayonlarında xalıq ósiw pátleri júdá tómen, hátte azayıw tendensiyasındaǵı aymaqlarıda bar. Bul, tiykarınan, Aralboyı regionindaǵı qolaysız ekologiyalıq jaǵday sebepli payda bolǵan migracion jaǵday menen baylanıslı. Buǵan baylanıslı eń mashqalalı jaǵday Taxtakópir rayonına tán bolıp, 2000-jıl basında bul rayonda 44,3 mıń xalıq jasaǵan halda, 2023-jıl basına kelip, bul kórsetkish 39,0 mıń

adamdı qurağan. Usı waqıtta, respublikanıń qublasındaǵı Tórtkúl, Beruniy, Ellikqala hám Ámiwdárya rayonlarında xalıqtıń kóbeyiwi júdá joqarı.

Xalıq sanı boyınsha Tórtkúl rayonı (224,7 mıń adam) aldıńǵı orında turadı, eń kem xalıq bolsa Bozataw rayonında (21,9 mıń adam) jasaydı. Qaraqalpaqstan Respublikası rayonları arasında xalıq tıǵızlıǵı boyınshada úlken ayırmashılıqlar bar. Eń joqarı kórsetkish Taqıyatash rayonında (423,9 adam), eń tómen dárejesi Moynaq rayonına tuwrı keledi. Bul rayon Qaraqalpaqstannıń 23,0 procent maydanın iyelegen bolıp, 1 km² maydanına 0,9 adam tuwrı keledi.

Qaraqalpaqstanda tuwılıw 2022-jılda 42854 adamdı quradı, tuwılıw koefficienti bolsa uyqas túrde 21,8 promillege teń bolǵan. Tuwılıwdıń salıstırmalı joqarı dárejesi Ámiwdárya (25,4 ‰), Beruniy (24,8 ‰), Nókis (24,4 ‰) rayonlarında gúzetilgen. Tómen dárejesi bolsa Bozataw (16,1 ‰) rayonına tiyisli.

Sonıń menen birge, 2022-jılda 9588 ólim jaǵdayı belgilengen. Uyqas túrde, ólim koefficiyenti 4,9 promilleni shólkemlestirgen. Ólim koefficiyentiniń joqarı dárejesi Nókis qalası (5,2%), Taxtakópir (6,5 %%), Qaraózek (5,7 %), Bozataw (4, 7 %) hám Xojeyli (5, 0 %) rayonlarında baqlanǵan. Ólim kórsetkishiniń anaǵurlım joqarılıǵın Taxtakópir, Shımbay hám Qaraózek, yaǵnıy Qaraqalpaqstandıń arqa bóliminde jaylasqan rayonlarında kóriw múmkin.

Qaraqalpaqstanda ekologiyalıq jaǵdaydıń qolaysızlıǵı sebepli xalıqtıń migraciya háreketi úzliksiz teris saldoǵa iye. Regionnan ketetuǵınlar arasında, tiykarınan, qazaq milleti wákilleri kópshilikti quraydı. Hár 1000 adamǵa esaplaǵanda, 2010-jılda ketkenler 15,4, kelgenler 8,3, migraciya saldosı minus 7,1 promillege teń bolǵan. 2022-jılda Qaraqalpaqstan boyınsha kóship kelgenler sanı 7754 adamdı, kóship ketkenler sanı bolsa 13167 adamdı qurağan. Migraciya saldosı minus 5413 adamǵa teń bolǵan. Eń úlken teris qaldıq Taxtakópir rayonında (-2065) baqlanǵan.

Jámi xalıqtan 967,5 mıń adam 12 qala hám 26 posyolkalarda jasaydı. Eń úlken qala Qaraqalpaqstan Respublikası paytaxtı Nókis bolıp, onda 334,6 mıń xalıq jasaydı (01.01.2023-j.). Xojeli (74,8 mıń adam), Tórtkúl (66, 4 mıń adam), Beruniy (65,6 mıń adam), Shımbay (56,2 mıń adam) hám Taqıyatas (52,1 mıń adam) orta qalalar qatarına kiredi. Qalǵan qalalar kishi qalalar qatarına tuwrı keledi.

Qaraqalpaqstanda 1126 awıl elatlı punktleri bar bolıp, olardıń hár birine ortasha 896 adamnan xalıq tuwrı keledi. Awıllardıń xalqınıń azlıǵı respublikanıń shóllik ózgesheligin ózinde sáwlelendiredi.

Xalıqtıń milliy quramında, 01.01.2021-jıl maǵlıwmatları boyınsha, ózbekler 40,4 %, qaraqalpaqlar 37,0 %, qazaqlar 15,0 %, túrkmenler 5,4 %, orıslar 0,5 %, basqa millet wákilleri 1,2 % ti qurağan (61-súwret). Ózbekler úlesi respublika qublasındaǵı Ámiwdárya (86,3 %), Ellikqala (80,7 %), Beruniy (69,2 %) hám Tórtkúl (62,8 %) rayonlarında joqarı. Qaraqalpaqlar Nókis qalası hám kópshilik rayonlarında xalıqtıń milliy quramında jetekshi orınǵa iye bolıp, Shımbay, Bozataw hám Kegeyli rayonlarında, ásirese, úlken ústinlik menen kópshilikti quraydı (úsh rayonda olardıń úlesi 80 % ten joqarı. Taxtakópir rayonı xalqınıń 42,2 % xalqın qazaqlar qurasa,

Moynaqta qazaqlar úlesi 30 % átirapında. Túrkmenlerdiń úlesi Tórtkúl rayonında 24,3 %, Shomanayda 7,8 %, Beruniy, Xojeli hám Taqıyatas rayonlarında 7, 4 %, Ellikqala rayonında bolsa 6,7 % ke teń.

2022-jıl maǵlıwmatlarına qaraǵanda, Qaraqalpaqstan Respublikası xalqınıń 55,4 % in miynetke jaramlı jastaǵılar quraydı. Ekonomikalıq aktiv xalıq 781,5 mıń adam, ekonomikada bánt bolǵanlar bolsa 702,7 mıń adam. Jumıssızlardıń ulıwma sanı 78,8 mıń adamdı quraǵan bolsa, jumıssızlıq dárejesi 10 % ke teń.

Qaraqalpaqstan Respublikasında, 2022-jıl juwmaqlarına qaraǵanda, ekonomikalıq iskerlik túrlerinen eń kóp bánt xalıq awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı (25,2 %), bilimlendiriw (11,9 %), sawda (11,2 %), qurılıs (10,2 %), sanaat (8,6 %) sıyaqlı tarawlarǵa tuwrı keledi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**


1. Allanazarov, Keunimjay; Khodjaeva, Gulya; and Shields, Katherine (2021) "IMPLICATIONS OF THE LINKS BETWEEN DEMOGRAPHY AND ECOLOGY FOR THE ECONOMY OF THE REPUBLIC OF KARAKALPAKSTAN" Karakalpak Scientific Journal: Vol. 4: Iss. 2, Article 5. Available at: https://uzjournals.edu.uz/karsu/vol4/iss2/5
2. Embergenov N. J., Khodjaeva G. A. Allanazarov KJ Population Growth in Republic of Karakalpakistan //Наука и образования в Каракалпакстане. Научный журнал. – 2017. – Т. 2. – С. 35-38.
3. Ембергенов Н.Ж. Ауезов О.Т. Қорақалпоғистон Республикаси аҳолиси ўсишини иқтисодий-географик ўрганиш масалалари. Geografik tadqiqotlar: innovatsion g'oyalar va rivojlanish istiqbollari: II Xalqaro ilmiy-amaliy konferensiya materiallari to'plam (15–16-aprel, 2022-yil, Toshkent). –Toshkent.: TADQIQOT.UZ, 2023. 284-287 b. http://dx.doi.org/10.5281/zenodo.7506780
4. Ембергенов Н.Ж., & Ауезов О.Т. (2022). ТРУДОВЫЕ РЕСУРСЫ И ВОПРОСЫ ИХ ГЕОГРАФИЧЕСКОГО ИЗУЧЕНИЯ (НА ПРИМЕРЕ РЕСПУБЛИКИ КАРАКАЛПАКСТАН). Экономика и социум, (12-2 (103)), 312-315.
5. Ембергенов Н.Ж., Ауезов О.Т., Базарбаев А.М., Курбанбаева Ш.К., Калилаев Т.Т. ОСОБЕННОСТИ РОСТА НАСЕЛЕНИЯ РЕСПУБЛИКИ КАРАКАЛПАКСТАН // Экономика и социум. 2022. №6-1 (97).
6. Турдымамбетов, И.Р., 2015. О влиянии последствий Аральской экологической катастрофы на демографию и здоровью населения республики Каракалпакстан. *Ўзбекистон География жамияти ахбороти.–Тошкент*, *45*, pp.130-132.
7. Ходжаева Г.А., Алланазарова Б.К. СОВРЕМЕННЫЕ ДЕМОГРАФИЧЕСКИЕ ПРОЦЕССЫ СЕЛЬСКОЙ МЕСТНОСТИ РЕСПУБЛИКИ КАРАКАЛПАКСТАН И ЕГО ВЛИЯНИЕ НА ТЕРРИТОРИАЛЬНУЮ ОРГАНИЗАЦИЮ ПРОИЗВОДСТВА //СИНТЕЗ ГАЗОЧУВСТВИТЕЛЬНЫХ НАНОКОМПОЗИЦИОННЫХ ПЛЕНОК ДЛЯ ТЕРМОКАТАЛИТИЧЕСКИХ И ПОЛУПРОВОДНИКОВЫХ СЕНСОРОВ МЕТАНА. – С. 50.
8. Ходжаева Г.А., Даулетбаева Д.Д., Байрамова М. ПРОБЛЕМЫ ФОРМИРОВАНИЯ ГОРОДСКИХ ПОСЕЛЕНИЙ РЕСПУБЛИКИ КАРАКАЛПАКСТАН //ХАБАРШЫСЫ. – 2020. – Т. 1. – С. 35.
9. Eshimbetov U. et al. Territorial composition of agriculture in the Aral Sea Region of Uzbekistan //E3S Web of Conferences. – EDP Sciences, 2024. – Т. 510. – С. 01040.